

KONSÈY POU PLANTE NAN PO


Plante nan po ka pèmèt ou fè anpil pwodiksyon nan espas vèt ki limite.
Plante nan po se yon opsyon ki patikilyèman popilè ak apatman ak rezidan kondominyòm ki gen aksè a yon galri oswa balkon.

Eksepte gwo pye bwa yo, prèske tout bagay ka grandi nan yon po.
Anba a, tanpri w ap jwenn kèk konsèy sou kijan pou w kòmanse jaden w nan po!

MATERYÈL AK KONSIDERASYON PLAS

LIMYÈ SOLÈY: Si l posib, chwazi yon plas ki resevwa limyè solèy la (sis èdtan oswa plis nan limyè solèy la pa jou). Li ideyal pou w plante kote ki oryante sou bò sid. Si plas ou a resevwa mwens ke sis èdtan limyè solèy dirèk, konsa ou ka konsidere plante plant ki tolere oswa pwogrese nan lonbraj, tankou fèy vèt oswa remèd fèy.

ESPAS: Lè w ap chwazi po pou w plante, li enpòtan pou w konnen valè espas plant la bezwen. Ou bezwen yon po ki laj ase pou l akomode sistèm rasin matirite plant la.



- **Rasin ki pa fon:** po ki gen sis a nèf pous pwofondè pou plant ki gen rasin ki pa fon (siboulèt, leti, zonyon vèt, epina)
- **Rasin ki gen Pwofondè Modere:** po 12 a 18 pous pwofondè pou plant ki gen rasin modere (berejèn, piman, betrav, karòt, bwokoli, chou frize)
- **Rasin Fon:** veso 18 a 24 pous pwofondè pou plant ki gen rasin pwofon (tomat, pomdetè, zukeini, kalbas sezon fredri, konkonm)



GrowBoston

growboston@boston.gov



CITY of BOSTON

DRENAJ: Drenaj espesyalman enpòtan nan plant po pou anpeche rasin nan pran twòp dlo pou l pa pouri. Nan lòd pou w gen drenaj ki apwopriye, asire ke po w gen bon twou drenaj anba l.

MELANJ TÈ POU PO: Akòz enpòtans espesyal drenaj nan plant nan po, nou sijere w sèvi avèk yon melanj tè po ki mouye, tankou yon melanj pou tout-bi ki gen fèy bab panyòl, vèrmikulit, ak perlit. Ou ka swa achte melanj po nan magazen lokal ou a oswa ou ka rasanble yon melanj lè w sèvi avèk kèk engredyan kle, tankou 1 pati konpòs ak 1 pati tè jaden. Ajoute perlit ka espesyalman itil pou plant nan po yo paske li se yon mineral espesyalize ki ka amelyore drenaj.

ANTRETYEN

AWOZAJ: pratik awozaj pou plant nan po yo pral depann de melanj po ou. Pifò plant po yo ap bezwen awozaj yon fwa pa semèn pandan sezon kwasans la si yo gen limyè solèy dirèk ak si tè a gen bon drenaj. Sepandan, plant ki gen lonbraj pasyèl yo ka bezwen awoze pi souvan. Kòm règ jeneral, ou ka awoze plant yo lè w manyen tè a epi li sèch. Lè l posib, awoze plant yo nan maten pou w evite mwazi ak pou w kenbe dlo pandan jounen an.



FÈTILIZE: konpozisyon melanj po ou ak kalite angrè w itilize detèmine konbyen fwa ou pral bezwen mete angrè nan plant yo. Si w ap itilize yon angrè lage-ralanti, yon sèl aplikasyon pou chak sezon ka ase. Konpòs se yon amannman tè ki ka enkòpore nan melanj po ou, men konpòs pa gen anpil eleman nitritif kidonk ou ka bezwen fè plizyè aplikasyon nan yon sezon. Sepandan, si w ap itilize angrè dlo lage-rapid la, li nòmal pou w fètilize plant alantou yo yon fwa pa semèn.

Sous: University of Georgia Extension, University of California Division of Agriculture and Natural Resources, Brooklyn Botanic Garden, Cornell Cooperative Extension of Schenectady County. Ilistrasyon pa Olivia Golden.